

Avi Endistri 26-02
2/2/2026
Pou Pibliye Imedyatman

Avi: Kous Aksesib k ap Pase a 100% Demann Kous sou Aplikasyon E-Hail nan dat 1ye mas 2026

Selon règleman TLC yo te adopte 25 mas 2025 lan, apati 1ye mas 2026, y ap repati tout kous taksi WAV yo repati kounye a atravè Pwogram Repatisyon Aksesib la nan Pwogram E-Hail Aksesib la, k ap dirije kous yo atravè konpayi sèvis rezèvasyon taksi TLC otorize ki vini annapre yo:

- Arro
- Curb
- Myle

MTM p ap yon konpayi sèvis taksi aksesib ankò apati 1ye mas 2026.

Epitou, pasaje yo ap kapab rezève kous yo atravè sèvis ki pi wo yo lè yo konpoze yon nouvo nimewo dirèk pou Taksi Aksesib ki se 646-599-9999.

Chofè taksi WAV yo ap genyen yon bonis \$10 pou chak kous yo fè atravè liy dirèk la. Pou w kalifye pou bonis la, ou dwe enskri nan Fon Amelyorasyon Taksi (Taxi Improvement Fund, TIF). Fòm plent yo disponib nan lyen sa a https://www.nyc.gov/assets/tlc/downloads/pdf/tif_driver.pdf

N ap fè w sonje, selon règleman nan Chapit 80 TLC a, nenpòt chofè ki refize bay moun ki gen andikap yo sèvis kapab peye yon amann ki rive jiska \$500 pou premye enfraksyon an, epi yo ka anile lisans yo sizoka yo komèt enfraksyon an ankò.

Pou poze kesyon ki gen pou wè ak Pwogram E-Hail Aksesib la, tanpri voye yon imèl: ODRC@tlc.nyc.gov